# 5 पाबनि-तिहार, अवसर आ उत्सव

हम सभ साल भरि विभिन्न प्रकारक पाबनि-तिहार मनबैत छी।एहिसँ अपना सभक मोन आ घर दूनू जगमग भऽ जाइत अछि। हमसभ एहि खुशीकेँ विभिन्न प्रकारे व्यक्त करैत छी। एहिमे भोजन, घरक सजाओटि, सङ्गीत, नृत्य, उत्सवक विशेष परिधान, आ लोकक सङ्गोर सभ किछु अछि।









एहि अध्यायक अन्त धरि अहाँ किछु दृश्य कला परम्परासँ परिचित भऽ जायब, जे उत्सवक वातावरण बनबैत अछि। एहिमे घर-आङ्गन आ देबाल परहक डिजाइन, माला, तोरण आ लालटेन सम्मिलित अछि। एहि अध्यायमे अहाँ अपन घर आ पड़ोसक समुदायमे प्रचलित स्थानीय कला परम्परासँ सम्बन्धित गतिविधि करब।

## गतिविधि 1 फरस आ दीवारक डिजाइन



की अहाँ फरस वा देबाल पर बनल कोनो डिजाइन देखलहुँ? अहाँ एकरा कतए देखलहुँ?
हमसब अपन फरस अथवा देबाल केँ कहिया सजबैत छी?

______________________________________________


______________________________________________


निच्चाँ देल जगहमे फरस केर डिजाइन बनाउ।

© NCERT not to be republished

बिन्दु आ रेखाक उपयोग करैत रङ्गोली सेहो बनाओल जा सकैत अछि। नमूना देखू आ बिन्दुसभकेँ जोड़ि कऽ अपन पैटर्न बनाउ।







© NCERT not to be republished

## गतिविधि 2 डोरी पर फूलसभ झूलि रहल अछि

हमसऽभ विशेष अवसर पर माला बनएबाक हेतु फूल आ पातक उपयोग करैत छी। हमसऽभ तोरण सेहो बनबैत छी! ओकर रङ्ग आ सुगन्ध एकरा उत्सवी बनबैत अछि।

चलू अपन माला आ तोरण बनाउ। अहाँ फूल, पात, काठी, कागत, मोती, ताग आ अन्य सामग्रीक उपयोग कऽ सकैत छी।

**चरण 1:** तीन फीट लम्बा वा अपन बाँहिक लम्बाइ बरोबरि केर ताग लिअ।

**चरण 2:** कागज, पात, फूल आदिसँ एकटा पैटर्न बनाउ आओर ओकरा ताग पर साटि कऽ तोरण बनाउ।

**चरण 3:** प्रवेश द्वारि पर अपन तोरण प्रदर्शित करू।

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 3 अप्पन कागत केर लालटेन बनाउ

अहाँ एकटा जाली बनैलहुँ; आब अहाँ अपन कागतक लालटेन सेहो बना सकैत छी! अहाँकेँ बस कागतक दूटा किनारी जोड़ि एकरा गोल बनयबाक अछि। अपन लालटेनकेँ आकर्षक देखएबाक लेल विभिन्न तरहक रङ्गक प्रयोग करू।





## गतिविधि 4 अपन माटिक लैम्प बनाउ

अहाँ पहिने माटिसँ वस्तु बना चुकल छी! मुदा की अहाँ कोनो दीप बनएलहुँ? कतेक अलग आकृति केर अहाँ दीप बना सकैत छी?


अपन दीपकेँ रौदमे सुखाउ आ फेर एकरा सुन्नरसँ रङ्ग-पेन्ट करू। एकरा छोट-छोट अएना, टेप, बिन्दी वा चित्रसँ सजाओल जा सकैत अछि। एकटा बनएबाक प्रयास त करू!


© NCERT not to be republished

## गतिविधि 5 गहना बनाउ

कोनो कागत, कैञ्ची, क्रेयॉन आ लस्सा वा टेप केर उपयोग कए क गहना बनाउ! डिजाइन जोड़ए आ सजएबाक हेतु अपन पसीन केर आन सामग्रीक उपयोग करू।







**चरण 1:** कागतक दूटा पट्टी लिय जे अहाँक गट्टा पर लपेटल जा सकैत अछि।

**चरण 2:** एकटा पट्टीकेँ अहाँकेँ जे पसीन अछि ओहि फूलक रङ्गमे रङ्गि दियौक।

**चरण 3:** दोसर पट्टीकेँ अलग रङ्गसँ रङ्गि दियौक।

**चरण 4:** किछु डिजाइन, पैटर्न बनाउ आ अन्य सामग्री सभ साटि कऽ पट्टीकेँ सजाउ।

**चरण 5:** सब पट्टीकेँ अपन गट्टाक चारुकात लपेटू आ एकरा लस्सा वा टेपसँ साटि दियौ।

अहाँक कङ्गन तैयार अछि!

**आब अहाँ अपन पायल आ आन गहना सेहो डिजाइन कऽ सकैत छी आ बना सकैत छी! एकरा लेल प्राकृतिक सामग्रीक प्रयोग करू। जखन ओ तैयार भऽ जाइ तखन अपन सहपाठिक सङ्ग गहनाक अदल-बदल करू अथवा ओकरा उपहारस्वरूप दियौ।**

© NCERT not to be republished